




LEKÒL PIBLIK VIL ORANJ YO

ANNOUYE, ENTIMIDASYON E MALTRETMAN

Gid pou Paran avèk Elèv



PAMELA R. HORN, HIB Coordinator
Orange Township Public Schools
Administration Building
251 Lincoln Avenue
Orange, New Jersey 07050
hornpame@orange.k12.nj.us
(973) 677-4027

Tab dè Matyè

Lwa / Règleman	3
Definisyon AEM (HIB)	4
Emplemantasyon Lwa AEM (HIB)	5
Dwa pou Viktim avèk Akize yo	5
Òganigram pou « Anti-Bullying »	6
Responsablite Kowòdinatè « Anti-Bullying » yo	7
Responsablite Direktè yo	8
Responsablite Spesyalis « Anti-Bullying » yo	9
Responsablite Ekip Sekirite Lekòl yo	10

FÒM YO

Fòm A	Fòm pou Rapòte Annouye, Entimidasyon e Maltretman (« Bullying »)
Fòm B	Kontra pou Elèv a Paran / Gadyen

5512.01- ANNOUYE, ENTIMIDASYON E MALTRETMAN (M)

Seksyon: Elèv
Dat lite Kreye: Mas, 2009
Dat lite Edite: Mas, 2009

Sa Lwa a di

Depatman Edikasyon Oranj la entèdi tout zak ki annouye, entimidasyon e maltretman (bullying) yon elèv. Yon anviwònman sivil ki gen sekirite nesese pou elèv yo ka aprann e rive nan standa akademik ki pi wo de jou an jou. Annouye, entimidasyon e maltretman (bullying), menm jan avèk lòt konpòtman ki vyolan, pa ede yon elèv aprann ni ede yon lekòl edike elèv yo nan yon anviwònman ki gen disiplin avèk sekirite. Elèv aprann dapre ekzanp yo jwenn, direktè lekòl yo, anseyan, pèsònèl yo dwe bay bon ekzanp de konpòtman nan jan yo trete youn ak lòt avèk sivilite e respè, e refize tolere annouye, entimidasyon avèk maltretman (bullying).

Règleman Distri a

5512 – JAN POU RAPOTE - ANNOUYE, ENTIMIDASYON E MALTRETMAN

[BULLYING] (M)

Seksyon: Elèv
Dat lite Kreye: Mas, 2009
Dat lite Edite: Mas, 2009

Depatman Edikasyon Oranj la rekonèt ke nou gen bezwen pou yon fason pou moun ka rapòte e fè anke sou alegasyon sou konpòtman de annouye, entimidasyon e maltretman (**bullying**). Poutèt Règleman sa a, konpòtman vle di zak, ou byen zak ki planifye, sou annouye jan nou defini li nan Lwa 5512 e/ou byen zak ki annouye, entimide e maltrete, ou byen (**bullying**) jan li defini nan Lwa 5512.01. Si nou pa di sa, « Direktè Lekòl » vle di Direktè/ou byen dezinye lekòl la.

Definisyon Annouye, Intimidasyon E Maltretman (Bullying)

Kenpòt jès, ekri, vèbal ou byen zak fizik, ou byen kenpòt kominikasyon elektwonik, ki rive sou pwopriyete lekòl la, nan kenpòt fonksyon lekòl la ap òganize ou byen nan bis lekòl la. **Kat kalite maltretman (bullying):**

Kominikasyon elektwonik vle di kominikasyon ki transmèt a travè machin elektwonik, tankou telefòn, telefòn selilè, òdinatè, ou byen (pager), men ki pa limite a bagay sa yo sèlman.

- **Maltrètman (Bullying) avèk Jès**
Siyal ki fèt avèk men ki gen relasyon avèk gang
Jès ki fèt avèk men sou yon elèv ki fè presyon sou elèv nan
- **Maltrètman (Bullying) Fizik**
Bay kou, kout pye ou byen pouse
Vòlè, kache ou byen gate bagay yon lòt elèv
Fòse yon elèv fè yon bagay ke li pa vle fè
- **Maltrètman (Bullying) Vèbal**
Joure (Name calling)
Takine
Ensilte
- **Maltrètman (Bullying) nan Relasyon**
Refize pale avèk yon elèv
Fè manti ou byen pale mal de yon elèv
Fè yon elèv santi li pou kont li ou byen li pa fè pati yon gwoup ou byen rejeksyon

Motivasyon pou Konpòtman AEM (HIB)

- Kenpòt karakteristik ki aktyèl, ou ka wè ou distenge
- Ekzanp: ras, koulè, relijyon, desandan, peyi, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite e ekspresyon sèks (gender identity and expression), ou byen yon andikap mantal, fizik ou sansoryèl (sensory); ou byen

Dwe ranpli youn nan kondisyon anplis pou l genyen anpil entèripsyon ou byen anpil pwoblèm:

- Li dwe gen efè pou l ensilte ou byen abese yon elèv ou yon gwoup elèv
- Kreve yon anviwònman edikasyonèl ki ba konfòtab pou yon elèv lè li andikape edikasyon elèv la ou
- Sevèman koze anpil domaj fizik ou emosyonèl a yon elèv

Emplemantasyon Lwa AEM (HIB)

Kòman Distri a ap Emplemante Lwa avèk Règleman AEM (HIB) yo?

Responsab « Anti-Bullying » yo avèk Devwa yo

- Fòmasyon Kowòdinatè « Anti-Bullying » pou Distri a
- Fòmasyon Spesyalis « Anti-Bullying » nan chak Lekòl
- Fòmasyon Ekip Sekirite nan Lekòl la

Nouvo Fason pou Envestigasyon

- Lè evènman yo rive a byen klè e konplè
- Rapò vèbal dwe fèt a **Direktè a menm jou evènman an rive a**
- Yon rapò ki ekri dwe fèt nan **de (2) jou lekòl** aprè rapò vèbal la pou swivi; ekri pa moun ki rapòte evènman an (Fòm A)
- **Direktè a** dwe inisye investigasyon an nan **yon (1) jou lekòl** aprè li resevwa rapò (**vèbal**) la e li **dwe kontakte Ofisye Aksyon Afimativ la/Kowòdinatè AEM (HIB)** avan investigasyon an
- **Direktè a** dwe kontakte parant/gadyen e enfòmasyon yo de evènman nan **yon (1) jou lekòl** aprè rapò (**vèbal**) la
- Envestigasyon dwe fèt pa **Spesyalis « Anti-Bullying » Direktè Lekòl la Apwente a**
- **Direktè a** ka apwente lòt moun pou asistans
- Envestigasyon dwe fèt pi vit ke posib; pa pita ke **dis (10) jou lekòl** de dat rapò ki fèt an ekri a
- **Direktè a** dwe bay Siyentandan an rapò a nan **de (2) jou lekòl** aprè investigasyon an fini
- **Siyentandan** an kolaborasyon avèk direktè a dwe deside sou aksyon sa yo:
 - Sèvis Entèvansyon
 - Pwogram Fòmasyon
 - Mete Disiplin
 - Ranje Konsèy (Counseling) (paran/gadyen kap peye)
- **Siyentandan a** ap rapòte rezilta investigasyon an nan Depatman an nan premye rankont Depatman an aprè Envestigasyon an fini

Dwa pou Viktim avèk Akize yo

- Paran toulède elèv yo gen dwa resevwa enfòmasyon – ni paran viktim nan ni paran elèv kap maltrete (bully) a. Rapò a gen alegasyon e sa nou jwenn nan investigasyon an.
- Distri dwe bay enfòmasyon a **toulède elèv yo** nan **senk (5) jou lekòl** aprè Depatman an fin gen rezilta investigasyon an
- Paran/gadyen ka mande yon odisyon nan men Depatman an aprè yo resevwa enfòmasyon an; odisyon nan Depatman dwe fèt nan **dis (10) jou lekòl** aprè demand la fèt
- Depatman an dwe bay yon desizyon ki ekri nan **premye rankont Depatman an** aprè yo resevwa rapò
- Parant viktim yo ka fè yon konplent a « New Jersey Division of Civil Rights » (DCR) nan 180 jou aprè evènman an
- Paran yo ka ranpli yon pouswit nan « **Superior Court** »

Òganigram pou « Anti-Bullying »

Ronald C. Lee, Superintendent
&
Orange Board of Education

Anti-Bullying Coordinator
Pamela R. Horn

PRINCIPALS
Central/Rosa Parks- Cayce Cummings
Cleveland Street-Denise White
Forest Street- Yancisca Cooke
Heywood Avenue- Karen Machucua
Lincoln Avenue- Robert Petit
Oakwood Avenue- Debbie Luckey
Orange High School-Faith Alcantara & Kalisha Morgan
Orange Preparatory Academy- Shelly Harper
Park Avenue- Myron Haskett

School Level
Anti-Bullying Specialist

School Safety Team

Responsablite Kowòdinatè « Anti-Bullying » yo

Kowòdinatè « Anti-Bullying » pou Distri va:

- Responsab pou kowòdone e ranfòse lwa distri lekòl la pou pa gen maltretman, pou idantifye e adrese elèv yap annouye, entimide e maltrete (bullying);
- Kolabore avèk Spesyalis « Anti-Bullying » nan lekòl yo, nan distri, nan Depatman Edikasyon an, e Siyentandan an pou pa gen maltretman, pou idantifye e reponn a elèv yap annouye, entimide e maltrete (bullying) nan Distri a;
- Bay enfòmasyon, an kolaborasyon Siyentandan an, Depatman Edikasyon Leta NJ a sou annouye, entimide e maltrete (bullying) elèv;
- Ekzekite lòt responsablite ki gen afè avèk annouye, entimide e maltrete (bullying) si Siyentandan an mande sa; e
- Rankontre o mwens de fwa pa ane avèk Spesyalis « Anti-Bullying » ki nan lekòl yo pou diskite e ranfòse lwa pou pa gen maltretman, pou idantifye e adrese annouye, entimide e maltrete (bullying) nan distri a.

Responsablite Direktè yo

Direktè va:

- Inisye investigasyon Spesyalis « Anti-Bullying » nan
- Kontakte paran/gadyen e enfòm yo sou evènman an
- Tcheke sou sitiyasyon an
- Kenbe kontak avèk Spesyalis « Anti-Bullying » nan. Ba yo enfòmasyon yo ka pako genyen.
- Apwente lòt moun pou ede Spesyalis « Anti-Bullying » nan lè gen bezwen
- An konjonksyon avèk Spesyalis « Anti-Bullying » nan, li va detèmine yon “seri” de fason pou adrese lè gen konpòtman ki annouye e / ou byen maltretman. Pa ekzanp: fòmasyon, jan pou disipline, konsèy ou byen pwogram entèvansyon.
- Patisipe aktivman nan Ekip Sekirite lekòl la
- Direktè a va kontinye avèk Lwa jan Elèv dwe Aji (Code of Pupil Conduct).
- Remèt rapò a bay Siyentandan
- Bay fòmasyon nan Lekòl la sou Lwa AEM (HIB) pou travayè, moun kap bay sèvis ki gen kontra avèk volontè yo ki gen anpil kontak avèk elèv
- Fè yon reevalyasyon, revizyon Lwa AEM (HIB) yo chak ane avèk ide ki sòti nan men Spesyalis « Anti-Bullying » Lekòl la, e rekòmande revizyon avèk adisyon pou Lwa a tou avèk pwogram entèvansyon sou annouye, entimide e maltrete (bullying) e apwòch ki baze sou sa nou te jwenn nan evalyasyon avèk revizyon an.
- Afiche non, nimewo telefòn lekòl, adrès e i-mèl adrès lekòl Spesyalis « Anti-Bullying » Lekòl la

Responsablite Spesyalis « Anti-Bullying » yo

Spesyalis « Anti-Bullying » Distri va:


- Responsab pou Ekip Sekirite Lekòl la jan lwa N.J.S.A.18A:37-21 di a;
- Dirije investigasyon sou evènman annouye, entimide e maltrete (bullying) nan lekòl la;
- Aji tankou moun ki ofisyèlman responsab pou pa gen maltretman, pou idantifye e adrese evènman sou annouye, entimide e maltrete (bullying) nan lekòl la;
- Ekzekite lòt responsablite ki gen afê a annouye, entimide e maltrete (bullying) si direktè a e / ou byen Kowòdinatè « Anti-Bullying » mande sa; e
- Rankontre o mwens de fwa pa ane avèk Kowòdinatè « Anti-Bullying » Lekòl nan pou diskite e ranfòse lwa pou pa gen maltretman, pou idantifye e adrese evènman sou annouye, entimide e maltrete (bullying) nan distri a.

Responsablite Ekip Sekirite Lekòl yo

Ekip Sekirite Lekòl va:

- Resevwa kenpòt konplent de annouye, entimide e maltrete (bullying) ke yo rapòte bay Direktè a;
- Resevwa kopi kenpòt rapò kite prepare aprè investigasyon evènman de annouye, entimide e maltrete (bullying);
- Idantifye e adrese lè evènman de annouye, entimide e maltrete (bullying) repete nan lekòl la;
- Revize e ranfòse klima avèk lwa lekòl la pou pa gen maltretman e adrese evènman de annouye, entimide e maltrete (bullying) elèv yo;
- Edike kominote a, ni elèv, pwofesè, moun kap travay nan administrasyon, avèk paran pou pa gen maltretman e adrese evènman de annouye, entimide e maltrete (bullying) elèv yo;
- Patisipe nan fòmasyon ki nesèsè dapre pwovizyon lwa N.J.S.A.18A:37-13 et seq. avèk lòt fòmasyon ke Direktè a ou byen Kowòdinatè « Anti-Bullying » la ta mande;
- Kolabore avèk Kowòdinatè « Anti-Bullying » nan distri a nan koleksyon enfòmasyon nan tout distri a e nan devlopman lwa pou distri pou pa gen maltretman e adrese evènman de annouye, entimide e maltrete (bullying) elèv yo; e
- Ekzekite lòt responsablite ki gen afè a annouye, entimide e maltrete (bullying) si Direktè a ou byen Kowòdinatè « Anti-Bullying » distri ta mande sa

Òganigram (Flowchart) Investigasyon



Direksyon: Annouye e entimidasyon (bullying) trè serye e nou pap tolere sa. Sa a se yon fòm pou rapòte swadizan zak annouye e entimidasyon (bullying) ki rive nan lekòl la; nan yon aktivite lekòl la ap òganize ou byen evènman ki pa sou plas lekòl la; sou bis lekòl la; ou byen nan wout pou vini/ale lekòl* la, nan ane lekòl sa a. Si ou se yon elèv ki yon viktim, paran/gadyen yon elèv ki yon viktim, ou byen yon fanmi pre yon elèv ki yon viktim, ou byen yon moun kap travay lekòl la ta anvi rapòte yon evènman ki swadizan annouye ou entimidasyon (bullying), konplete fòm sa a e retounen li a Direktè lekòl elèv ki viktim nan. Pran kontak a lekòl la pou plis enfòmasyon ou asistans kenpòt lè.

Annouye e entimidasyon (bullying) vle di kondwit, ni kondwit vèbal, ki kreye yon anviwònman edikasyonèl ki pa alèz e ki kontrarye avèk benefis, opòtinite, ou pèfòmans edikasyon yon elèv; ou byen avèk byennèt fizik sikolojik yon elèv, e ki motive pa yon karakteristik pèsònèl tankou ras, koulè, relijyon, desandan, peyi, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite e ekspresyon sèks (gender identity and expression), ou byen yon andikap mantal, fizik ou sansoryèl (sensory) ; ou byen ki yon menas ou trè annouyan.

Dat Jodi a: _____ / _____ / _____ Lekòl: _____
Mwa Jou Ane

Sistèm Lekòl: _____

MOUN KAP RAPÒTE EVÈNMAN AN

Non: _____

Telefòn: _____ I-mèl: _____

Mete yon **X** nan bwat ki apwopriye a: Elèv Paran/gadyen Fanmi adilt ki pwòch Moun ki travay lekòl la

1. Non elèv ki viktim nan: _____ Laj: _____
(Silvouplè prente)

2. Non moun ki swadizan ofanse yo (Si nou konnen): (Silvouplè prente) Laj _____ Lekòl _____ Eske li/yo se elèv?
(Si nou konnen)
 _____ Wi Non
 _____ Wi Non
 _____ Wi Non

3. Sou ki dat evènman an te pase?
 _____ / _____ / _____ _____ / _____ / _____ _____ / _____ / _____
Mwa Jou Ane Mwa Jou Ane Mwa Jou Ane

4. Ki kote evènman an te rive (chwazi tout sa ki apwopriye)?
 Nan lekòl la Nan yon aktivite lekòl la ap òganize ou byen evènman ki pa sou plas lekòl la
 Sou bis lekòl la Nan wout pou vini/ale lekòl* la

5. Mete yon **X** a kote sa ki pi byen dekri sa kite pase a (chwazi tout sa ki apwopriye):
 Bay kou, bay kout pye, pouse, krache, rale cheve, ou byen voye yon bagay
 Fè yon lòt moun bay kou ou byen fè yon lòt elèv mal
 Fawouche, joure, enstige, ou annouye, an pèsonn ou pa lòt fason
 Pale mal e fè li viktim blag
 Fè jès ki annouyan
 Retire ou rejte yon elèv
 Entimidasyon (bullying), pran kòb, ou pran avantaj
 Fè manti sou yon elèv
 Lòt (presize) _____

*Lap kolekte eksepte si li pa nan lwa depatman lokal la

6. Kisa swadizan delenkan yo di ou fè? _____

(Ekri sou yon lòt papye si sa nesesè)

7. Poukisa annouye ou byen entimidasyon (bullying) rive? _____

(Ekri sou yon lòt papye si sa nesesè)

8. Eske te gen elèv ki blese nan evènman an? Mete yon **X** nan youn nan bwat yo:

Non Wi, men sa pat bezwen atansyon medikal Wi, e sa te bezwen atansyon medikal

9. Si te gen blese, eske ou panse efè ap pèmanan? Wi Non

10. Eske elèv ki viktim nan te absan lekòl la kòm yon rezilta de evènman an? Wi Non
Si wi, konbyen jou elèv ki viktim nan te absan lekòl la kòm yon rezilta de evènman an? _____

11. Eske te gen blesi sikolojik kòm yon rezilta de evènman an? Mete yon **X** nan youn nan bwat yo:
 Non Wi, men nou pako chèche sèvis sikolojik Wi, e nou chèche sèvis sikolojik

12. Eske gen lòt enfòmasyon ou ta renmen ba nou? _____

(Ekri sou yon lòt papye si sa nesesè)

Sinyati:

Dat:



ORANGE TOWNSHIP PUBLIC SCHOOLS

Administration Building

Department of Special Services

451 Lincoln Avenue Orange, New Jersey 07050

Website: <http://www.orange.k12.nj.us>

Office: 973-677-4027 Fax: 973-677-4035

Kontra pou Elèv AEM (HIB) e Angajman Paran/Gadyen AEM (HIB) Fòm B

Non Elèv: _____ Lekòl: _____ Ane: _____
(prente) (current)

Non Paran/Gadyen: _____

Direksyon: Silvouplè, li Gid pou Paran/Elèv la avèk Lwa sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) an. Diskite sa li gen ladan ni avèj ti moun ou yo. Angajman sa a fèt avèk Lwa Distri « Orange Township Public Schools » sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) 5512 la (Elèv) e Règleman 5512 (Elèv), ke nou ka jwenn sou wèbsit distri lekòl la anba « Special Services » (<http://www.orange.k12.nj.us>).

Paran/Gadyen: Lè mwen siyen anba a, mwen sètifye ke:

- Mwen te li Lwa a Règleman 5512 (Elèv) sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) e konprann enpòtans li
- Mwen diskite lwa, règleman gid la avèk pitit mwen
- Mwen konprann ke Lwa Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) a ap an plas nan tout lekòl ki nan distri a
- Mwen konprann kòman pou rapòte yon evènman sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) avèksa ki dwe fèt après sa
- Mwen konprann Dwa « Due Process » pou tout moun li Akize ou moun ki swadizan Viktim.

Non Paran: _____ Sinyati: _____ Dat: _____
(silvouplè prente)

Student: Lè mwen siyen anba a, mwen sètifye ke:

- Mwen te li ou byen yon moun li pou mwen Lwa a Règleman 5512 (Elèv) sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) e konprann enpòtans li
- Mwen diskite lwa, règleman gid la avèk paran/gadyen
- Mwen konprann e dakò pou m obeyi lwa ki ekri nan Lwa, Règleman, Gid sou Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying)
- Mwen konnen ke si se mwen ki koz Annouye, Entimidasyon e Maltretman (Bullying) e vyole kontra aksyon disiplinè nan Lwa pou Elèv (Student Code of Conduct) ka fèt sou mwen

Non Elèv la: _____ Sinyati: _____ Dat: _____
(silvouplè prente)

